



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL POU
RANKONT ADISTANS KOMITE LEKÒL BOSTON NAN**

15 Fevriye 2022

Komite Lekòl Piblik Boston nan te fè yon rankont adistans nan dat 15 Fevriye 2022 a, a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite Lekòl la ki Te Prezan: Direktè Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; ak Reprezantan Elèv yo Xyra Mercer.

Manm Komite Lekòl la ki Te Absan: Meseye Tran.

DOKIMAN KI TE PREZANTE

Ajanda

Pwofesè ke Konsèy Nasyonal la Sètifye PowerPoint

Pwosè Vèbal Rankont lan: 2 Fevriye 2022

Memorandòm Akò ant Lekòl Piblik Boston yo ak Sendika Pwofesè Boston yo Konsènan Politik sou Verifikasyon Vaksen Vil la - DEPOZE

Politik sou Vaksen pou Covid MOA PowerPoint

Deklarasyon sou Enpak Ekite: Politik Verifikasyon Vaksen Sendika Pwofesè Boston yo

Nominasyon Gwoup Entèkansyon sou Elèv Lang Anglè Memo

Horace Mann Lèt Akonpayman Peman pou Dire Pwolonje

Deklarasyon Enpak sou Ekite Peman pou Aprantisaj Pwolonje nan Horace Mann Schools

Rankont Adistans Komite Lekòl Boston nan
Zoom

15 Fevriye 2022

Lèt de Boston Green Academy

Lèt Dudley Street Neighborhood Charter School

Lèt UP Academy Boston

Lèt UP Academy Dorchester

Asosiyasyon Komite Lekòl Massachusetts yo (MASC) Gid pou Pòs Lib Sipè-entandan yo

Prezantasyon Rechèch Sipè-entandan an, 15 Fevriye 2022

APÈL NOMINAL

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse rankont lan epi te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl la. Mesye Tran te absan. Meseye Cardet-Hernandez ak Meseye O'Neill te konekte nan kòmansman sesyon egzekitif la. Tout lòt manm yo te prezan.

Mesye Robinson te anonse ke Komite a ta pral ranvwaye l touswit nan yon sesyon egzekitif nan objektif pou fè yon sesyon estrateji ki lye ak negosiyasyon kolektif avèk Boston Teachers Union ak pou fè yon sesyon estrateji nan preparasyon pou negosiyasyon avèk Sipè-entandan Lekòl yo (pèsonèl ki pa nan sendika a). Prezidan Robinson te anonse ke Komite a t ap retounen nan sesyon piblik la a 6 p.m.

RANVWAYE NAN SESYON EGZEKITIF LA

Apwouve - Nan apèl nominal la, Komite a te vote yon fason inanim pou ranvwaye l touswit nan yon sesyon egzekitif nan objektif pou fè yon sesyon estrateji ki lye ak negosiyasyon kolektif avèk Sendika Pwofesè Boston yo ak pou prepare pou negosiyasyon avèk Sipè-entandan Lekòl yo (pèsonèl ki pa nan sendika a).

RETOU NAN SESYON PIBLIK AK NAN APÈL POU LÒD LA

Prezidan Jeri Robinson te reprann rankont lan nan sesyon piblik a anviwon 6:37 p.m. Li te anonse ke Komite a te retounen de yon sesyon egzekitif nan objektif pou fè yon sesyon estrateji ki lye ak negosiyasyon kolektif avèk Sendika Pwofesè Boston yo ak pou fè yon sesyon estrateji nan preparasyon pou negosiyasyon avèk Sipè-entandan Lekòl yo (pèsonèl ki pa nan sendika yo)

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epitou li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Nou pral poste sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak

Rankont Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

15 Fevriye 2022

sou Youtube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtane an disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Yo te pibliye dokiman rankont ki tradwi yo nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman rankont lan.

Anons Espesyal - Mesye Robinson te di nan yon ti tan anvan kòmansman rankont lan, Tribinal Apèl Massachusetts la te emèt yon desizyon pou pwolonje ansye lòd pou sispann politik manda vaksen Vil la. Li te anonse ke Komite a ta pral **ranvwaye** vòt aswè a sou pwotokòl akè Sendika Pwofesè Boston yo pou pèmèt konseye jiridik la egzamine desizyon an ak enpak li a.

SITASYON: PWOFESE KE KONSÈY NASYONAL LA SÈTIFYE

Sipè-entandan Adjwen pou Lidèchip Pwofesè ak Devlopman Shakera Ford Walker te bay yon brèf apèsi sou pwogram Pwofesè ke Konsèy la Sètifye. Erik Berg, Vis Prezidan Sendika Pwofesè Boston yo, ak Paul Tritter, Direktè Aprantisaj Pwofesyonèl pou Sendika Pwofesè Boston yo, ki ofri felisitasyon yo pou loreya yo.

Madam Robinson te entwodwi epi te felisite pwofesè BPS sa yo te resevwa oswa ki te renouvle sètifikasyon yo antanke Pwofesè ke Konsèy Nasyonal la Sètifye:

- Edwin Cebrian, Mozart Elementary School
- Sinta Cebrian, Lekòl Enklizyon Henderson K-12
- Quayisha Clarke, Grew Elementary School
- Hannah Erickson, Boston Day & Evening Academy
- Emmanuel Fairley-Pittman, Grew Elementary School
- Priscilla Lau, Boston Latin Academy
- Jesse Southwick, Boston Latin School
- Bridgett Driscoll, Brighton High School
- Mary Jacques, Edison K-8 School
- Matthew Kazlauskas, John D. O'Bryant School of Math and Science
- Amanda Minerva, Mary Lyon K-8 School
- Aaron Osowiecki, Boston Latin School
- Carla Zils, Edison K-8 School
- Deborah Weitz, Mozart Elementary School
- Nicole Da Silva, Boston International High School
- Brian Leussler, Boston Latin Academy
- Silvia Gonzalez-Powers, Roosevelt K-8 School

APWOBASİYON PWOSE VÈBAL RANKONT LAN

15 Fevriye 2022

Apwouve – Nan apèl nominal la, Komite a ansanm te apwouve pwosè vèbal 15 Fevriye, rankont Komite Lekòl 2022 an.

RAPÒ SIPÈ-ENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Madam Prezidan, epi mèsi dèske nou rejwenn nou aswè a. Felisitasyon ankò ak tout bèl pwofesè yo ki te resevwa Sètifikasyon Komisyon Nasyonal yo a. Sètifikasyon Komisyon Nasyonal la se sètifika ki plis elve ke yon pwofesè ka resevwa, anplis de lefètke yo se youn nan rekonesans ki genyen plis respè yo. Chak elèv merite pou yo resevwa ansèyman nan men yon pwofesè ki atantif epi ki konpetan, ak edikatè ki onore yo, genyen kèk minit ki ilistre misyon BPS la, ki se pou founi trè bon edikasyon pou tout elèv nou yon de BPS. Mèsi pou angajman w ak sèvis ou nan distri a men sa ki plis enpòtan an, pou jèn moun nou yo. Anpil remèsiman pou Madam Ford-Walker, ak Mesye Tritter pou angajman yo nan ekselans pwofesè a ak travay yo pou elaji sipò NBCT a ak pwofesè nou yo. Mwen genyen tout rapò pou sware sa a, kidonk m ap rantre dirèkteman ladan.

Lendi Pase, mwen te anonse ke mwen t ap kite wòl mwen antanke Sipè-entandan nan fen ane lekòl la. Kidonk mwen ranpli avèk gratitud pandan m ap reflechi sou anpil reyisit, amelyorasyon ak wout ki mennen nan pwogrè nou te trase ansanm nan. Jan mwen te deklare nan lèt mwen an pou fanmi yo semèn pase a, mwen osi angaje nan Boston epi ak elèv BPS nou yo ak fanmi yo nan jou mwen te rive nan Boston nan. Se te yon trè bèl onè pou sèvi timoun Boston nan epi mwen pral kontinye fè sa pandan rès ane lekòl sa a. Mwen angaje nan yon fen ane lekòl ki solid epi ki reyisi epi nan yon bon tranzisyon nan pwochen lidè k ap vini an. Priyorite nou te defini pou mwen pandan kèk ane pase sa yo epi pwomèt mwen te fè w yo se toujou priyorite mwen konsidere anpil. Epi byenke nou kapab pa te rive sou tout bagay ke nou dwe fè ki nan lis nou yo a, nou te poze yon fondasyon ki solid pou avanse pi devan. Ou ka li plis konsènan kèk nan travay majè ke nou te anmezi pou akonpli ansanm nan www.bostonpublicschools.org/bpsforward.

Malerezman, kounyeya mwen pral bay kèk nouvèl ki tris. Ansyen Prezidan Komite Lekòl Boston nan, Mesye Jean Sullivan McKeigue te mouri aprè li t ap soufri avèk yon maladi depi lontan. Jean Sullivan McKeigue te sèvi nan Komite Lekòl Boston nan soti 1980-84, antanke vis prezidan nan lane 1981 epi antanke prezidan nan lane 1982. Pandan manda li a, li te negosye avèk 13 sendika, li te travay avèk òganizasyon kominotè yo pou ankouraje kolaborasyon prive ak piblik avèk lekòl piblik yo, li te kòmanse yon kantite refòm ak reyòganizasyon, li te travay avèk lejislasyon eta yo ak lidè kominotè lokal yo nan chak kominote, epi nou prezide komite rechèch sipè-entandan an ki te rekòmande pou anboche Doktè Robert Spillane. Madam McKeigue te yon manm nan divès komisyon ak kominote sivik nan zòn metwo Boston nan epi li te sèvi antanke yon pwofesè nan lekòl piblik Chicago yo. Li te louvri yon wout pou fanm ki te jwenn metriz yo nan Columbia nan administrasyon nan lane 1970 yo - sa ki konsantre sou planifikasyon antrepriz ak planifikasyon estratejik, devlopman òganizasyonèl ak entè-gouvènmantral ak relasyon kominotè pandan yon bous nan Sloan School of Management nan MIT. Mwen ta renmen voye sensè kondoleyans mwen yo bay fanmi Madam McKeigue, epi espesyalman bay pitit fi li a, Direktris Joanna McKeigue Cruz nan Samuel Adams Elementary School nan East Boston. Kè mwen avèk nou pandan moman difisil sa a.

Rankont Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

15 Fevriye 2022

Epitou se avèk yon kè ki lou ke m ap anonse lanmò kòlèg ak zanmi Biwo Santral nou an, John Harris. John te yon manm nan Depatman IT a depi 1984 la epi dènyèmman li te pran retrèt pou li pase tan avèk madanm li ak timoun li yo nan Marshfield. Zanmi ak fanmi li yo souvan rele li "Johnny", li te fèt epi grandi nan West Roxbury epi li te gradye nan Catholic Memorial High School. John te swiv kou nan Northeastern University epi apresya li te vin travay nan I-T pou nou isit la nan Lekòl Piblik Boston yo pandan prèske 40 lane. Li te renmen fè lapèch avèk frè li yo, epi li te renmen ale nan plaj nenpòt lè li jwenn okazyon pou fè sa. Epitou li te renmen pase tan nan Florid epi pran swen jaden li a chak ete. Selon Direktè Enfòmasyon nou an ki se Mark Racine, John te genyen plizyè milyon istwa nan "ansyen tan" epi kèk nan sa yo ki pi bon yo p ap janm repete ankò! Kondoleyans mwen pou madanm John, fanmi ak zanmi li yo, ak manm yo nan Biwo Teknoloji Ansèyman ak Teknoloji Enfòmasyon an ki te travay avèk li pandan plis pase 40 lane. Kounyeya mwen prale nan pati nan rapò mwen an ki konsakre ak fè makan yo.

De sendika ki reprezante elektrisyen ki fè don yon nouvo kamyonèt tounèf ki ranpli avèk ekipman elektrik ki genyen valè \$10,000 bay Madison Park Technical Vocational High School nan semèn pase a. IBEW Local 103 nan Boston te fè don kamyonèt la, ki dekore avèk yon anbalaj pwofesyonèl nan koulè lekòl la, ki grave avèk mo "Madison Park Electrical Dept." akote kamyonèt la. New England Contractors Association nan Greater Boston (NECA) te fè don ekipman, ki genyen ladan zouti elektrik, kas travay, PPE ak machandiz ki genyen mak ki ranpli kamyonèt la. Contractor McDonald Electric te ede tou nan kowòdone inisyativ don a, ki transfere tit pwopriyete kamyonèt la soti IBEW Local 103 jiska Madison Park. IBEW Local 103 ak NECA yo se bon jan patnè nan lekòl segondè a, ki ofri anpil opòtinite teknik ak opòtinite pwofesyonèl pou elèv ka ak diplome Madison Park yo. Mèsi, IBEW Local 103 ak NECA pou tout sa nou te fè pou elèv nou yo ak sa n ap kontinye fè odela obligasyon nou genyen pou montre vrè patenarya avèk Madison Park. Kounyeya mwen pral pale sou mizajou distri a.

Jan nou te pataje deja nan komite lekòl la, distri a pral fè yon investisman ki enpòtan anpil nan alfabetizasyon ak anviwònman lekòl ki san danje epi ki akeyan pandan n ap vrèman elaji aksè nan bibliyotèk atravè ESSER a. *Boston Globe* Dimanch lan te pibliye yon atik sou bezwen pou genyen plis investisman. Mwen te vle pran yon moman pou reyafime angajman nou nan garanti kalite sa a ak pou bay de pwon klarifikasyon. The Globe te deklare ke aktyèl rapò bibliyotèkè ki sètifye yo bay elèv yo se 1 jiska 6,700 tandiske an reyalye li se 1 jiska 2,300. Lè nou enkli bliyotèk nou yo ki soutni pa parapwofesyonèl bibliyotèk nou yo, rapò a vin 1 jiska 1000, ki koresponn ak mwayèn eta a ki se 1 bibliyotèkè pou chak 1,450 elèv. Anplis, n ap pwopoze 33.5 pozisyon anplis nan tout 37 bibliyotèk lekòl yo nan kad yon inisyativ distri a pandan plizyè lane ki pral kreye yon rapò 1 bibliyotèk pou chak 530 elèv yo prevwa nan lekòl ki te sibi enpak yo. Epitou li enpòtan pou konekte investisman sa a ak pi gran investisman nou yo epi konsantre sou alfabetizasyon ki ekitab nan tout distri a. Aksè ki elaji nan bibliyotèk yo p ap ranplase entèkansyon alfabetizasyon yo men l ap konplete yo. N ap fè investisman ki enpòtan anpil nan entèkansyonis lekti yo nan lekòl nou yo ki bezwen yo ak aksè nan sipò lekti ki baze sou règ nan chak lekòl tou. Mwen kontan anpil ke pandan twa pwochen lane yo nou pral atenn objektif nou yo pou genyen bibliyotèk nan chak lekòl oswa aksede nan bibliyotèk BPL yo lè genyen yon bibliyotèk ki toupre. Li enpòtan pou mwen kapab klè konsènan investisman n ap fè yo ak pou mansyone travay enkwayab manm pèsònèl bibliyotèk nou yo nan distri a.

Aprè refleksyon ak konsiltasyon avèk elèv yo, fanmi yo, manm pèsònèl la, ak ekspè sante piblik yo, BPS pral adopte yon apwòch ki ajiste ak tès COVID-19 yo nan lekòl yo. Nouvo politik sa a

15 Fevriye 2022

pral aplikab nan dat 7 Mas 2022 a. An patenarya avèk CIC Health ak DESE, chak elèv BPS ak manm pèsonèl pral genyen aksè nan yon tès rapid antijèn adomisil chak semèn epi nou pral kontinye avèk tès gwoup chak semèn nou an. Epitou nou pral kontinye ofri tès pou moun ki pa prezante sentòm yo, jan sa nesèsè pandan jounen lekòl la. Nouvo apwòch sa a pral bay plis aksè nan tès COVID, epi pral ranplase pwosesis ki asosye avèk pwotokòl tès la ak pwotokòl sejou yo jan yo ye kounyeya, espesyalman pandan y ap konsidere ranman ki trè fèb pou sa ki konsène idantifikasyon moun ki pozitif yo. Jan sa rekòmande pa DESE a, nou pral kanpe "tès ak sejou" (test and stay) a ak retrasman kontak endividyèl ki asosye avèk li a. Si genyen yon gwoup ki pozitif, n ap toujou fè tès pou li yon fason endividyèl pou tout elèv yo nan gwoup sa a pou detèmine kilès ki pozitif. Diferans lan sèke olye yo fè tès pandan 5 jou youn dèyè lòt, ke yo rele tou "Tès ak Sejou", nou pral mande elèv yo, manm pèsonèl ak fanmi yo pou kontwole sentòm yo epi yo pral genyen aksè nan yon tès rapid anplis pou itilize lakay la. Si yon elèv devlope oswa kòmanse afiche sentòm yo nan lekòl la, yo pral fè tès rapid pou li nan lekòl la. Chanjman sa a adapte avèk pwogram tès DESE ki aktyalize a, ki "vrèman rekòmande" pou administre tès antijèn rapid adomisil chak semèn yo epi kanpe retrasman kontak ak Tès ak Sejou a. Nou pral kontinye kominike avèk kominote lekòl nou yo konsènan ka COVID-19 ki pozitif nan kominote respektif yo. Avèk tès an gwoup yon fwa pa semèn, tès pou moun ki pa prezante sentòm yo ak gran disponiblite chak semèn pou tès adomisil yo, nou kwè ke nou pral aprann byen vit kilès ki pozitif pou COVID-19. Pandan n ap kontinye aprann epi adapte nou avèk pandemi sa a, nou te travay avèk patnè nou yo nan Komisyon Sante Piblik Boston nan pou gide nou nan travay nou epi pran mezi ki adapte ak tandans sante piblik yo nan Vil nou an. N ap kominike mizajou sa a nan yon lèt bay fanmi yo demen aprè nou fin pataje yo avèk Lidè Lekòl yo, enfimyè lekòl yo, ak lòt manm pèsonèl yo. Anvan aplikasyon politik sa a, nou pral òganize de rankont kominotè nan dat Lendi 28 Fevriye a 5:30 PM epi Jedi 3 Mas a 5:30 PM. Pou jwenn plis enfòmasyon ak fason pou enskri pou rankont kominotè yo, tanpri vizite <https://www.bostonpublicschools.org/covid-19>.

N ap swiv anons CDC a ak anons responsab sante piblik eta a ak anons responsab edikasyon yo ki di ke kapab genyen yon bon rediksyon nan kantite minimòm jou ke yon moun malad avèk COVID dwe ale nan izòlman, ak sila yo ki ekspoze ak COVID yo pou kapab fè karantèn. Aprè bon jan konsiderasyon ak anpil konvèsasyon avèk Komisyon Sante Piblik la, BPS te adopte twa nouvo pwotokòl sa yo. An rezime, yon elèv ki konfime pozitif avèk COVID-19 dwe rete nan izòlman pandan omwen 7 jou epi kapab retounen nan 8yèm jou a sèlman si yo pa genyen sentòm epi si yo genyen kapasite pou mete yon mask. Otreman, yo dwe rete nan izòlman pandan 10 jou konplè. Si yon elèv ekspoze ak COVID-19 swa nan lekòl la oswa deyò lekòl la, li PA bezwen rete nan karantèn si li vaksinen epi li ka mete yon mask lè li nan lekòl la oswa lè li lakay la epi lè li ekspoze ak moun ki pozitif. Si yon elèv pa vaksinen men li ka mete yon mask, li dwe rete nan karantèn pandan 5 jou epi retounen nan 6yèm jou a depi yo pa devlope sentòm. Si yon elèv pa vaksinen epi li pa ka mete yon mask, li pral bezwen rete nan karantèn pandan 10 jou. Mwen konnen sa vle di anpil! Mwen te li l byen vit tou, epi genyen kesyon souvan ki soti nan kalite chanjman sa yo. Kidonk yo pral kontinje kominike pwosesis Tès Elèv la ak mizajou sou karantèn ak izòlman yo souvan bay Lidè Lekòl yo, Enfimyè, ak Paran yo. Pou jwenn plis detay sou gid ki aktyalize sa a, tanpri vizite sit entènèt nou an nan [bostonpublicschools.org/COVID-19](https://www.bostonpublicschools.org/COVID-19). Ankò, nouvo politik sa yo pral aplikab nan dat 7 Mas 2022 a, sa ki bay nou tan pou pataje mizajou sa a epi pou reponn kesyon yo.

Rankont Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

15 Fevriye 2022

Semèn pase, Gouvènè Baker te anonse fen egzijans mask Commonwealth la nan lekòl yo apati 28 Fevriye. Sa vle di, kounyeya lekòl yo nan Commonwealth la responsab pou chwazi si pou aplike oswa elimine egzijans mask yo a. Pou kounyeya, aprè konsiltasyon avèk Majistra Wu ak Komisyon Sante Piblik Boston nan, Lekòl Piblik Boston yo pral kenbe aktyèl egzijans mask yo pou tout elèv yo ak pou manm pèsònèl la nan lekòl nou yo epi pandan y ap itilize otobis nou yo. Mete mask se te youn nan aspè ki plis enpòtan nan travay sante ak travay sekirite nou nan lekòl yo, epi nou pral kontinye egzije mask pou tout elèv ak manm pèsònèl yo nan batiman BPS yo ak nan otobis lekòl yo. Nou pral kontwole done ak tandans yo epi nou pral kominike tout chanjman yo nan politik sou mask nou an nan konsiltasyon avèk BPHC a, fanmi nou yo ak manm pèsònèl la. Pandan moman sa a, nou te kòmanse bay nouvo mask nan lekòl yo, sa ki genyen ladan mask KN95 pou elèv ak manm pèsònèl yo. Nou te bay 24,000 mask epi n ap renouvle apwovizyonman an jan lekòl yo mande sa atravè yon sistèm PPE ki defini nan distri a. Genyen plis pase 250,000 mask ki nan estòk. Anplis, BPS ap mete 300,000 mask N95 dispozisyon. Yo se menm mask ke anbilansye ak lòt pwofesyonèl medikal yo mete yo. Aprè konsiltasyon avèk Komisyon Sante Piblik Boston nan, nenpòt moun ki chwazi yon mask N95 pral resevwa enfòmasyon de CDC a pou ajiste mask yo. N ap rann mask N95 yo disponib pou elèv ki genyen 18 lane yo ak plis ak manm pèsònèl yo. Yo ka mande yo nan lekòl la. Epi anfen, mwen pral kontinye mete aksan sou nan ki pwen li enpòtan pou ou, pou tout moun nan fwaye nou an, ak elèv ou an(yo) pou pran vaksen pou COVID-19 la. Se sèl fason nou ka vrèman jwenn yon sans ke bagay yo tounen nòmman ankò. Ou ka rele doktè elèv ou an oswa vizite sit entènèt Vil Boston nan oswa sit entènèt BPS la nan bostonpublicschools.org/vaccines pou jwenn plis enfòmasyon sou klinik, dat, lè ak lye ki toupre w yo.

Antanke yon rapèl, semèn pwochèn apati Lendi 21 Fevriye jiska Vandredi 25 Fevriye a se poz BPS pou mwa Fevriye a. P ap genyen klas pou elèv yo, epi edikatè yo p ap vini nan lekòl yo a. Sa deja yon ane ki vrèman difisil, kidonk mwen espere ke tout manm pèsònèl lekòl la pral pran kèk repo ak detant, epi elèv nou yo pral jwi de poz yo genyen deyò lekòl la epi patisipe nan kèk aktivite anrichisan ke BPS ap bay. Ou ka jwenn aktivite anrichisman gratis yo ki disponib pou elèv BPS yo pandan poz Fevriye a sou sit entènèt nou an nan www.bostonpublicschools.org/february. Antanke yon rapèl, Depatman Etablisman nou yo ap kreye pakè tès rapid pou lekòl la. Pakè sa yo pral asire ke chak elèv ak manm pèsònèl la nan distri a anmezi pou pote yon twous lakay yo alavans de poz mwa Fevriye a. Chak twous genyen de tès rapid. Nou mande chak elèv pou fè youn nan tès rapid yo nan DIManch, anvan yo retounen nan batiman lekòl yo a nan Lendi 28 Fevriye a. Nou mande ke si ou resevwa yon rezilta ki pozitif, pou ou kòmanse pwosesis karantèn ak pwosesis izòlman an jan te deja mansyone a, epi deklare enfòmasyon yo bay lekòl ou an. Ankò, ou ka jwenn gid ki ajou sou izòlman ak karantèn nan bostonpublicschools.org/COVID-19.

Akademi Akselerasyon yo pral fèt pandan Poz Fevriye a tou. Akademi Akselerasyon yo se pwogram akademik ki dire tout semèn nan ki fèt andeyò ane lekòl akademik epi bay tan pedagogik anplis nan ELA Focus, Lide Esansyèl ak Detay avèk Tèks Enfòmatif nan Fevriye ak Math Focus, domèn espesifik ki asosye ak travay majè klas la nan Avril pandan vakans lekòl la. Akademi yo fèt pou akselere aprantisaj elèv la nan ti anviwònman akademik ki rich sou plan akademik pandan l ap eksplwate leson ki angajan, ak leson ki adapte ak nòm yo. Leson yo konstwi sou yon tach pèfòmans ki baze sou pwoblèm ki bay elèv la yon opòtinite pou entegre aprantisaj yo, pou ranfòse konpetans akademik yo epi angaje tèks ak tach ki konplèks. Akademik yo ka bay elèv yo sipò ki sibler pou metrize nòm yo nan nivo klas la epi plis akselere

15 Fevriye 2022

elèv ki avanse yo. BPS la pral konsantre sou bezwen elèv miltileng yo, elèv ki genyen andikap ak elèv yo doubleman idantifye yo. Pandan n ap pale de opòtinite anrichisman yo, enskripsyon pou pwogram ete a pral kòmanse nan mitan Mas. Tanpri n ap mande pou rete vijilan pandan nou pral kòmanse bay plis mizajou pandan tout pwochen mwa a epi pandan enskripsyon an kòmanse a. Ete pase, nou te anrejistre yon kantite opòtinite ki disponib pou elèv nou yo, epi nou prevwa angaje plis elèv nan aktivite anrichisan yo, aprantisaj ete ak opòtinite anplwaye yo pandan ete sa a.

Peryòd enskripsyon priyoritè pou ane lekòl 2022-2023 an pou elèv k ap antre nan klas K2, 1, 2, 3, 4, 5, 8, 10, 11, ak 12 yo te kòmanse epi pral fèmen nan dat 1 Avril la. Yo pral enfòmè fanmi yo konsènan atribisyon yo disi fen mwa Me a. Seri enskripsyon priyoritè a pou K0, K1, 6, 7, ak 9 la deja fèmen. Pifò elèv ki nan seri sa a pral resevwa atribisyon yo nan fen mwa Mas la, avèk eksepsyon pou elèv 7yèm ane yo ke yo enfòmè nan Me, ki pèmèt distri a pou premyèman retire elèv ki atribye nan plas egzamen lekòl la, sa ki ogmante aksè elèv yo nan chwa lekòl yo a. Tanpri konnen ke fanmi yo ka toujou enskri pou klas sa yo atravè yon Sante Dakèy epi pral enkli nan seri atribisyon an. Mwen kontan pou deklare ke ekip Sèvis Dakèy yo te atenn 100% nan fòmilè chwa lekòl pou elèv ki nan 7yèm ane Trotter ak King ki nan tranzisyon yo. Mwen vle remèsye yo pou sèvis enkwayab yo bay elèv sa yo ak fanmi yo. Pou fanmi nou yo ki toujou ap chèche opsyon, nou vrèman ankouraje w pou vizite DiscoverBPS.org, motè rechèch lekòl nou an ki ede paran yo revizyon opsyon yo, rechèch selon fonksyonalite espesyal, ak menm chwa klasman yo! Ou ka vizite Discover BPS pandan ou pral nan www.discoverbps.org. Tanpri voye yon imèl nan welcomeservices@bostonpublicschools.org avèk nenpòt kesyon.

Anfen, men se pa sètènman sa ki mwens enpòtan an, moman an rive pou onore Chèf Pèsonèl Kabinè BPS nou an, Mary Dillman, ki pral kite pòs li a aprè Poz Fevriye a. Premyèman mwen te patake nouvèl sa a avèk manm pèsonèl mwen an nan Janvyè avèk emosyon mik. Mwen prensipalman ranpli avèk gratid ki ranpli kè mwen ak yon ti kras tristès, paske Mary te yon vrè chanpyon pou BPS. Lè Mary te premyèman dakò pou sèvi antanke Chèf Pèsonèl la, li te angaje pou sèvi pandan ywit mwa nan wòl sa a, epi nou te vrèman depase kantite tan sa a. Nan wòl lidèchip esansyèl sa a, Mary se yon konseye de konfyans epi se yon patnè ki reflechi, epi li se yon chanpyon ki detèmine pou timoun yo. Mary se yon gid ki esansyèl pandan n ap travèse diferan faz nan pandemi an epi nou t ap pakouri plizyè pivo nan ansèyman adistans ak ansèyman ibrid la. Antanke Chèf Pèsonèl la, Mary te ede pote lòt estrikti anplis nan biwo santral nou an, li te ede entwodwi planifikasyon ak kolaborasyon, ak nouvo sistèm pou dokimantasyon entèn ak priz desizyon. Li te yon chanpyon nan kreye kondisyon travay ki demontre respè pou anplwaye nou yo ak pou ogmante kapasite nou pou rekrute ak retni manm pèsonèl ki konpetan, ki genyen ladan devlopman yon politik travay pilòt ki fleksib ki pi resan. Pandan manda li a, Distri nou an te fè plizyè chanjman lanjè nan politik la ki vize pou abòde baryè sistèmik nan ekite edikatif, ki genyen ladan chanjman revolisyonè nan admisyon nan egzamen lekòl yo ak adopsyon egzijans gradyasyon komen MassCore yo. Anvan moman li a antanke Chèf Pèsonèl la, Mary te pase plizyè pozisyon nan BPS, ki genyen ladan sèvi antanke Direktè Egzekitif Biwo Done ak Responsablite a ak fondatè Ekip Sondaj sou Done BPS la. Nan wòl sa yo, Mary te devlope ekip ki solid ki te kiltive zouti coaching ki efikas, zouti evalyasyon, zouti rechèch, ak zouti analitik ki fèt pou ede edikatè yo konprann aprantisaj elèv yo ak fason nou ka pi byen sipòte yo. Mwen pa genyen okenn dout ke kontribisyon li te fè nan BPS yo pral dire odela tan li a nan distri nou an. Pandan Mary t ap prepare pou pwochen avanti pwofesyonèl li a ak tan an fanmi ke yo byen merite, tanpri rejwenn mwen pou remèsye l pou prèske 12 lane sèvis ki inoubliab nan Lekòl

15 Fevriye 2022

Piblik Boston yo. Aprè Mary te fin ale, mwen pral repoze sou ranplasan Despina, Echelson ak Chèf Lekòl yo ki se Corey Harris pou aji antanke yon ekip sipò. Yo te lidè ki enkwayab pandan dènyè mwa yo epi mwen enpasyon pou kontinye travay enpòtan nou an ansanm avèk yo ak tout Ekip Egzekitif la ansanm. Mary, mwen swete w yon lavi ki ranpli ak siksè, lajwa ak ekselans.

Antanke Sirentan sa a se tout rapò m pou aswè a.

Mesye Cardet-Hernandez te mande ki kalite tandans enskripsyon distri a kòmanse wè avèk aktyèl pwosesis enskripsyon an pou Ane Lekòl 2022-23. Denise Snyder, Chèf Pwovizwa, Biwo Avansman Familyal ak Kominotè, te pwopoze pou fè yon rapò sou tandans yo bay Kominote a.

Madam Lopera te mande si tout lekòl yo te resevwa opòtinite pou òganize Akademi Akselerasyon yo ak fason yo pral sèvi anpil elèv pandan mwa Fevriye ak Avril la. Sipè-entandan Adjwen pou Zafè Akademik yo, Drew Echelson, te deklare ke tout lekòl yo te genyen posiblite pou òganize Akademi Akselerasyon yo; 67 lekòl te dakò pou patisipe nan mwa Fevriye. Madam Lopera te poze kesyon sou pwosesis enskripsyon an, rekritman ak kominikasyon avèk lekòl ak fanmi yo. Doktè Echelson te di ke distri a te bay opòtinite pou elèv militeng yo ak elèv ki genyen andikap yo epi Akademi Akselerasyon yo se enskripsyon ouvèt yo ye. Yo pral bay transpò ak repa gratis pou pwogram nan, ki pral fèt pandan yon jounen lekòl nòmal. Yo ankouraje lekòl yo pou fè patenarya avèk òganizasyon kominotè yo pou bay swen pandan tout jounen an. Doktè Echelson te fè swivi avèk yon lis lekòl k ap patisipe yo.

Doktè Alkins te poze kesyon sou preferans lekòl yo pou Akademi Akselerasyon yo. Echelson te di ke plis lekòl te demontre enterè pou òganize pwogram mwa Avril la pase pwogram Fevriye a.

Mesye Cardet-Hernandez te mande yon mizajou sou kontwòl ke Sipè-entandan an ap mete an plas pou asire entegrite done gradyasyon yo. Sirentandan te dakò pou fè swivi avèk enfòmasyon yo.

Mesye Robinson te poze kesyon sou respè regleman mask pami elèv yo. Sipè-entandan an te eksplike ke byenke yo pa te fè evalyasyon fòmèl, li ka di an blag ke yo ka jwenn mwens respè pou mask nan klas ti anfans yo epi pami elèv ki genyen andikap ki konplèks yo ki genyen difikilte pou mete mask. Madam Mercer te di ke li te remake ke yo respekte egzijans yo nan nivo lekòl segondè a.

Apwouve – Nan apèl nominal la, Komite a ansanm te apwouve Rapò Sipè-entandan an.

KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Moun ki swiv yo te temwanyè konsènan avni P.A. Shaw Elementary School:

- Karina Dyer, rezidan Mattapan ak elèv Shaw
- Keicha Gedeon, rezidan Dorchester ak elèv Shaw
- Kwamane Ellis, rezidan Mattapan ak elèv Shaw
- Nakevia Hall, rezidan Mattapan ak paran Shaw
- Bridget Reyes Zuniga, rezidan Dorchester ak elèv Shaw

Rankont Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

15 Fevriye 2022

- Felito Diaz, rezidan Dorchester ak paran Shaw
- Karen Lajara, rezidan Dorchester ak paran Shaw
- Ilene Carver, rezidan Dorchester ak pwofesè Shaw

Moun sa yo te temwanyen kont tantativ Memorandòm Akò ant Lekòl Piblik Boston yo ak Sendika Pwofesè Boston yo Konsènan Politik sou Verifikasyon Vaksen an:

- Denise Lupianez, rezidan Dedham ak pwofesè Trotter K-8 School yo
 - Trisha Flaherty, rezidan Hanover ak fasilite lyen kominotè a
 - Ketylia Felix, rezidan Framingham ak pwofesè BPS la
 - Rachelle Milord, rezidan Hyde Park ak pwofesè BPS la
 - Maggie Mancuso rezidan Dorchester ak pwofesè Kenny Elementary School
 - Laura Ross, rezidan Revere ak pwofesè Umana School
 - Liz Gomes, rezidan Hyde Park ak paran BPS
 - Rebecca O'Donnell, rezidan Scituate resident pwofesè BPS
 - Andrea Higgins, rezidan South Boston ak pwofesè BPS
 - Tracy Doyle, rezidan Dorchester ak pwofesè BPS
-
- Robert Jenkins, rezidan Mattapan ak defansè kominotè, te temwanyen konsènan lè lekòl la kòmanse pou Madison Park Technical Vocational High School
 - Edith Bazile, rezidan Hyde Park defansè kominotè, te temwanyen konsènan edikasyon espesyal ak alfabetizasyon.
 - Adrienne Level, rezidan Canton ak pwofesè Boston Day and Evening Academy, te temwanyen nan sipò pou kenbe BDEA a sitiye nan Batiman Timilty a.
 - David Jones, rezidan Dorchester ak pwofesè Boston Day and Evening Academy, te temwanyen nan sipò pou kenbe BDEA a sitiye nan Batiman Timilty a.
 - Alisa Hunter, rezidan Brockton ak defansè kominotè, te temwanyen nan sipò pou kenbe BDEA a sitiye nan Batiman Timilty a.
 - Sharon Hinton, rezidan Hyde Park epi fondatè Black Teachers Matter, te temwanyen konsènan Komite Lekòl Boston nan, bidjè ak pwofesè yo.
 - Aimee VanWagenen, rezidan Hyde Park ak pwofesè Boston Green Academy, te temwane nan sipò pou pwopozisyon konpansasyon Horace Mann la.
 - Dr. Sarah Cherry Rice, rezidan Jamaica Plain, paran ak defansè kominotè, Digital Ready, te temwanyen konsènan Early College Innovation Academy.
 - Mike Heichman, rezidan Dorchester ak manm Boston Education Justice Alliance, te temwanyen konsènan tranzisyon lidèchip BPS yo.

ELEMAN AKSYON

Apwouve - Nan apèl nominal la, Komite a ansanm te apwouve yon demann pou dezinye manm sa yo nan Gwoup Entèvansyon Elèv Anglè yo (ELL): Manm komite a Rafaela Polanco Garcia pral sèvi atanke vis prezidan Gwoup Entèvansyon an; ak Roxi Harvey, direktè Komisyon Konsiltatif Paran pou Edikasyon Espesyal Boston nan (SpEdPAC), pral sèvi antanke yon manm nan Gwoup Entèvansyon ELL la.

Madanm Polanco Garcia te remèsye Komite a pou opòtinite li genyen pou sèvi.

15 Fevriye 2022

RAPÒ

Horace Mann Peman pou Dire Pwolonje nan Lekòl A Chart yo nan Distri a - Direktè Finansye Nate Kuder te prezante demann Sipè-entandan an pou apwouve chanjman nan konpansasyon pou pwofesè yo nan kat Lekòl A Chart yo Horace Mann yo nan Distri a: Boston Green Academy; Dudley Street Neighborhood Charter School; UP Academy Boston; ak UP Academy Dorchester. Chanjman an respekte konpansasyon pou manm pèsònèl yo nan lòt distri lekòl yo. Òganis k ap dirije nan kat lekòl yo te soumèt lèt sipò yo pou ogman konpansasyon pou èdtan travay pwolonje yo. Frè ki estime a se \$800,000, ke distri a te deja enkli nan pwopozisyon bidjè tan ki pwolonje li a pou FY23.

Madam Robison te mande si genyen nenpòt tip lekòl ki genyen kalandriye salè diferan. Mesye Kuder te di ke lekòl Dever ak lekòl Holland yo, ki nan redrèsman eta a, genyen kalandrite konpansasyon diferan men tout lòt lekòl yo respekte kalandriye peman yo nan tip lekòl yo.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou orijin demann lan. Mesye Kuder te di ke li edike avèk lidè lekòl yo epi li te soutni pa Sipè-entandan an.

Komite a pwograme pou vote nan rekòmandasyon an nan pwochen rankont regilye li a nan dat 16 Mas la.

Mizajou sou Pwosesis Rechèch Sipè-entandan an - Direktè Robinson te anonse ke Sipè-entandan Cassellius ta pral kite rankont lan pandan pati diskisyon sa a epi li t ap rejwenn nou nan pita.

Madam Robinson te di nan kòmansman mwa sa a ke li menm, Majistra Wu, ak Sipè-entandan Cassellius te jwenn yon akò ke Sipè-entandan an t ap fini Ane Lekòl la nan Jen 2022. Lefètke se yon bagay ki komen avèk tout nouvo administrasyon yo, Majistra a te rasanble ekip lidèchip li a epi te rekrute moun ki pral ede l reyalize vizyon li a pou Boston. Madam Robinson te remèsye Majistra a ak Sipè-entandan an pou fason pou yo te apwoche akò sa a yon fason entansyonèl epi avèk respè. Pa genyen okenn dout ke BPS te fè gwo pwogrè pandan lidèchip Sipè-entandan Cassellius' la, an patenarya avèk Komite Lekòl la ak Vil la.

Keseswa sa konsène adopsyon politik ki enpòtan, keseswa se oryantasyon nan nouvo investisman estratejik, pou angaje nan solisyon ki plis ekita avèk elèv ak fanmi yo nan sant lan, BPS nan yon pozisyon ki solid pou fè pwogrè. Moman an te plis lojik pou bay BPS opòtinite pou idantifye yon siksesè tandiske Sipè-entandan Cassellius ap kenbe travay enpòtan an pandan rès ane lekòl la.

Pou sa ki konsènan tranzisyon Sipè-entandan an, Madam Robinson te eksplike ke Sipè-entandan Cassellius genyen yon kontra travay avèk Komite Lekòl la. Pou detèmine pwochen etap ki apwopriye pou tranzisyon Sipè-entandan Cassellius la, Komite a te angaje Avoka Antrepriz pou Vil Boston nan pou ede elabore yon akò separasyon. Avoka Antrepriz la te bay yon pwopozisyon separasyon ki respekte tèm kontra Sipè-entandan an epi ki respekte akò pase ki similè yo. Yo te enfòmè Komite Lekòl la nan yon sesyon egzekitif nan kòmansman sware a sou tèm potansyèl pou akò separasyon an epi yo pral òganize yon rankont Komite Lekòl Espesyal pou konsantre

Rankont Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

15 Fevriye 2022

sou rechèch Sipè-entandan an nan dat 2 Mas la. Pandan rankont sa a, Komite a pral pataje detay konsènan akò separasyon Sipè-entandan an nan piblik epi Madam Robinson pral mande Komite a pou otorize l antanke prezidan pou dakò epi siyen akò a.

Après Madam Robinson te ale nan pwochen etap yo nan pwosesis rechèch sipè-entandan an. Sonje ke Komite a genyen kat manm ki te sèvi pandan mwens pase yon lane, li te envite Glenn Koocher, direktè egzekitif Asosiyasyon Komite Lekòl Massachusetts yo, pou bay yon apèsi jeneral konsènan sa si yon pwosesis sipè-entandan genyen ladan, ak nan kontèks espesifik Boston nan. Mesye Koocher te eksplike pwosesis pou pòs ki lib la. Li te pale sou BPS ki se yon distri lekòl ki atiran ki genyen gwo atant ak gran potansyèl.

Doktè Alkins te poze kesyon sou ki etap yo ka itilize pou akselere pwosesis rechèch la. Mesye Koocher te eksplike ke kèk etap nan pwosesis la ka varye. Pa egzanp, pandan Komite rechèch la ap aksepte aplikasyon yo, li la kontinye kolekte fidbak ki pral enfòmè revizyon kandida komite rechèch la. Mesye Koocher te sijere ke komite rechèch la kapab vle konsidere pou rakousi tan ke pozisyon an louvri a. Li te di ke yon komite rechèch ki pi piti nan dimansyon jeneral mache yon fason ki plis efikas epi pi rapid pase yon pi gran komite.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou dimansyon ki ideyal pou komite rechèch la. Mesye Koocher te di ke plis komite a piti, se plis l ap vin pi fasil pou jere epi li jeneralman plis efikas. Li te di ke dimansyon komite a pa fè enpak sou kalite rekritman an oswa kalite kandida yo. Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou itilizasyon yon fim rechèch. Mesye Koocher te di ke fim rechèch yo ka itil nan evalyasyon kandida yo, li te ajoute ke li poko wè distri ki nan tay Boston, k ap deplase nan vitès sa a, ki pa te itilize yon fim rechèch.

Doktè Alkins te mande Mesye Koocher si li te remake genyen plis kandida k ap soti nan fim rechèch yo oswa nan lòt sikonskripsyon yo. Mesye Koocher te di ke kandida yo genyen plis chans pou kapab resevwa ankourajman pou aplike pa anpil mwayen men fim rechèch sa yo ka itil nan klarifye rimè ki kapab genyen yo. Li te di ke Council of Great City Schools (CGCS) ka yon resous ki itil tou.

Mesye O'Neil te di ke selon CGCS la, genyen aktyèlman 18 sipè-entandan k ap chèch itilize fim rechèch yo. Li te note ke Boston genyen yon trè bon repitasyon epi yo pral wè sa antanke yon pozisyon ki atiran ki genyen anpil posiblite avèk kominote edikasyon siperyè ak lajwa ki lye ak lidèchip Majistra Wu. Li te pale sou chanjman ki posib yo, ki genyen ladan anpil sipè-entandan k ap kite endistri a oswa kèk nan yo santi yon obligasyon pou soutni aktyèl retablisman distri yo a de pandemi an. Mesye O'Neil te klarifye ke responsablite Komite Lekòl la se pou apwouve komite rechèch la ke direktè a rekòmande, apwouve seleksyon yon fim rechèch, li vote sou deskripsyon travay sipè-entandan an, li fè entèvyou piblik pou kandida finalis yo, epi li vote nan seleksyon final la.

Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje Komite a pou kapab rete vijilan sou fason pou travay sipè-entandan an yon travay ki konvenkan epi dirab ki bay chanjman transfòmatif.

15 Fevriye 2022

Madam Robinson te dakò avèk apwòch Majistra Wu a ke Komite a bezwen ale pi rapid epi li ta dwe chèche yon moun ki genyen eksperyans nan lidèchip egzekitif epi ki familye ak vil Boston nan oswa k Lekòl Piblik yo. An jeneral pwosesis sa a pral plis pase 5 mwa, men Komite a te revize sa ki te rive nan pase ak sa ki egzije yo pandan l ap rekonèt yon sans ijans nan moman prezan an. Li te deklare ke li pa ka tann epi li te ekspriye optimis ke Komite a ka idantifye pi bon kandida a pandan l ap entegre vwa kominote a. Li te di ke idantifikasyon yon moun ki konnen epi ki konprann distri a ak kominote Boston nan pral enpòtan kòm yon pwochen etap akòz kalandriye akselere a.

Madam Robinson te di ke genyen ijans tou nan pwosesis sa a paske anpil gran distri a ap chèche yon sipè-entandan kounyeya. Genyen omwen 18 pozisyon ki lib pami 76 pi gran distri lekòl piblik iben yo. Li te di ke yo vrèman konsidere Boston kòm yon lye kote anpil bagay ka akonpli epi genyen anpil enterè sou plan nasyonal nan lidèchip Majistra Wu ak travay Komite a. Kominote edikasyon siperyè, kominote antrepriz, òganizasyon ki pa pou fè pwofi, ak kominote filantwopik yo nan Boston prè pou kontinye entèveni pou sipòte elèv nou yo ak manm pèsònèl la antanke vrè patnè.

Komite a pral òganize yon rankont avèk Komite Espesyal la nan dat 2 Mas 2022 a ki pral konsantre sou kòmanse yon pwosesis rechèch pou Sipè-entandan. Nan rankont sa a, Komite a planifye pou idantifye ak pou vote sou adezyon komite rechèch la epi diskite sou pwosesis angajman kominotè a. Selon Demann pou Kalifikasyon ki itilize nan pwosesis rechèch 2014 ak 2018 yo, BPS pral elabore yon RFP pou mande pwopozisyon pou yon fim rechèch pou sipè-entandan.

Madam Robinson te klarifye wòl ak responsablite yo:

- **Kominote a** pral sipòte pwosesis sa a pandan l ap pataje kontribisyon li yo avèk nou. Nou pral òganize rankont, men tou nou pral bay espas pou manm yo nan kominote a voye lide yo bay nou. Yon fwa nou genyen kandida finalis yo, nou pral chèche sipò kominote a tou ak kontribisyon nan pwosesis entèvyou piblik la.
- **Komite rechèch la** responsab pou òganize rankont kominotè ki pral dirije yo nan elaborasyon yon deskripsyon pou travay, epi yon fwa nou kòmanse resevwa aplikasyon yo, yo pral revize CV yo epi fè entèvyou ak kandida yo, epi anfen, redwi gwoup kandida yo ak kèk finalis pou rekòmandasyon.
- **Komite Lekòl la** pral patisipe nan sesyon Ekout Kominotè a, vote pou apwouve deskripsyon travay la ak seleksyon fim rechèch la, patisipe nan pwosesis entèvyou final avèk kandida finalis yo, epi anfen, vote pou seleksyone pwochen Sipè-entandan an.

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Pa te genyen.

NOUVO BIZNIS

**Rankont Adistans Komite Lekòl Boston nan
Zoom**

15 Fevriye 2022

Doktè Alkins te mande pou lidè yo nan distri a fè swivi sou enkyetid ke manm nan kominote Boston Day and Evening Academy nan te sòlve pandan kòmantè piblik la.

Mesye Cardet-Hernandez te repte demann li te fè anvan an pou jwenn enfòmasyon sou estrikti ke Sipè-entandan an ap mete an plas pou asire entegrite done gradyasyon yo, ak pwòp analiz done gradyasyon distri a. Sirentandan te dakò pou fè swivi avèk plis enfòmasyon.

REPÒTE

Ozanviwon 9:50 pm, Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl nominal, pou ranvwaye rankont lan.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif